Lu tax am jigéén Ngor ñudul am jëkër

Boo leen di faral di seetlu di ngeen gis né, leeg leeg dina am ay jigéén yuy nekk jànq ba ba ñuy màggat di dee te duñu sëy.

Loolu nag am na lu ko waral, ba fii ci Ngor sax am na lu fi xewoon luy leeral mbir moomu. Mag ñi di ko nettali ba fii ñu tollu tembe, kenn mënu koo weddi, waawaaw.

Dañuy faral di wax né dafa amoon benn nàppkat bu dékkoon ce tefes gi. Mu di gëti di ñów, di gëti di ñow ba yàlla def mu am jabar. Muy sèy ag moom, di sëy ag moom ba lu tollu ci fukki at te musul am doom.

Lef li metti ko lool, metti ko lool ndax ñu mu dekkal duñu darajaal waxam. Moom ndekke daf daan def bu gëtiwaan bu yooryoore mu teer ag gaalam ca téngéén, noppalu fa tuuti, daldi jógaat tëmbal gaalam bu fekkee li mu jàpp bariwul mu nàppaat ; bu baree dëgg, mu teersi. Leeg-leeg bu guddee, jabar ji doññ moo koy watle gaal gi.

Benn bés nag ba mu teeree téngéén, di fa soppalu, mu for bët. Ce biir nelaw yooyu mu gént mettitam rekk la jooytu : mu di ñàkk gi mu ñàkk am doom. Fekk na bi muy nelaw bay gént, am na genn góór gu yor sikkim bu gudd weex tàll ; Karawu boppam it dafa sëq weex furr. Mu daldi ko yee, nàppakat bi daldi jóg, ba ñu nuyyontle ba noppi, góór gi xamal ko né moom moo di Buur téngéén (1) ; mu teg ci né :

yeg naa sa mettit, xam naa sa soxla te it bëgg naa la dimaali, ndax am naa mën-mënam -

Buur téngéén dellu né ko :

- dinaa ko def nga am dom ; te jigéén lay doon, bu juddoo nga tuddé ko Mbeex (2), waaye loolu maa ngi koy def ci kow nga nangu lii ma lay wax."

Nappakat ba né ko :

-Waxal, loo wax rekk dinnaa ko topp.

Buur téngeen daldi wax né ko :

- Lenn rekk la : bu Mbeex màggee warul sëy, warul am beneen jëkër bu dul man. Duma ko jël mu fekk ma, ci seen loxo lay des yow ag sa jabar ; waaye warul am beneen far, warul am beneen jëkker bu dul man.

---

yoor-yoor : waxtu wi topp ci bi nit ñi añee ba noppi, fekk naaj wi tàng jipp ba laa ker gee sedd !

(1) morodi rabu téngéén wi dafa siw ndax, bu ko nexee mu fexe ba gééj gi fees ag jën bu meree nag gééj gi dey sambacaax -

(2) moo di ndoxum gééj tur la wu ñuy faral di tudd ci nit yi dëkk booru gééj.

Nàppakat bi daldi nangu :

- Bul am mukk loo ciy xalaat ; nii nga ko waxe noonu lay ame.

Buur téngéén jekki né mes. Nàppakat bi itam tëmbal gaalam.

Ba ñu toogee ba lu wara tollu ci at, jabari ñàppakat bi am doom, mu nekk jigéén. Nàppakat bi itam tudde ko Mbeex.
At yi di ñów, di dem, Mbeex di màgg, at yi di ñów, di dem, Mbeex di gën màgg ; at yi di ñów, di dem, Mbeex màgg ba doon jànq bu mat sëy. Mu nga la ko taaru taar bu kenn mósul teg bët, la nit ñi foogoon ? nañu né àddina bi yépp jigéén du taaru mukk ba dab Mbeex cib raar.

Li mu gënoon sopp moo doon toogi ca xeeru gééj ya yàkkaar-loog Téngéén. Góóri dëkk bi sax dañu ko ñemewulwoon doxaan ndax taaram bu jéggi dayo.

Benn bés jaykat bu am alal bu né ca dëkk ba ca wàlla, ñów di doxaansi Mbeex. Saa yu ñówee rekk bàyyi ci loxay baayu Mbeex ag yaayu Mbeex Xaalis bu baree bari. Saa yu ñówee rekk def noonu.

Bés dikk, baayu Mbeex fas yéénë may Mbeex jaaykat bi ndax alal ji. Nàppakat bi fàtte waxam.

Ba noonu, benn àjjuma rekk ñu maye Mbeex waaye sa bés ba, balaa jànt bee so Mbeex daanu feebar. Feebar bu gaawa-gaaw roofu ko ba tëral ko. Feebar bi metti lool ba ñuy xalaat né Mbeex du fanaan Baay bi tiit lool, xelam dikk, dellusi ci li mu waxantewoon ag Buur Téngéén. Ci saa si mu woote ngir ñu tas sëy bi. Sëy bi daldi tas. Mbeex tàmbale fééx tuuti. Waaye feebar bi jeexulwoon ci moom. Ci guddi gi baa yu Mbeex daldi tëmbal gaalam, lu mu daawul faral di def. Nit ñi xaw ci jaaxle, ba di ko waaja gunge. Mu gàntu leen.

Ba mu joowee ba yegg téngéén, dafa wééru ca garab ga mu daan wééru rekk daldi for bët. Noonu Buur Téngéén yee ko, Xamal ko moom mooy kan. Daldi ko ci tegal né ko :

- Yaa nangul woon sa bopp daldi gisal sa bopp ; yaa weddil sa bopp, gisal sa bopp.

- Buur téngéén daldi ko né :

- boo bëggee Mbeex jóg, balaa ngaa teer, tanxal ag sa mbàttu ci mbeex mi, boo yegsee kër ga nga tuur ko ko fa mu tëdd ; bu ko

mbàttu : ci la ñuy naane soow, leeleeg ci gaal yi ña koy walaxe, ñu ngi ko defare ci Xaal bu ñu agg ci digg bu genn wall gu nu mën koo naane.

defee dina jóg:

Baayu Mbeex daldi tontu né :

- Sàllaaw, nii nga ko waxe, nii rekk laa koy defe.

Buur Téngéén dellu né ko :

- Te bul fàtte mukk né Mbeex warul am weneen far wu dul man ; warul am jeneen jĕkkĕr judul man.

Buur Téngéén xaarul sax nàppakat bi tontu mu daldi ni mes. Nappakat bi itam tĕmbĕl gaalam

Ba mu joowee ba di jub tefes ga, mu daldi tanq si Mbeex mi na ñu ko ko waxewoon. Ba mu watee gall be noppi, mu gàddu mbàttu ba nów fekk Mbeex fa mu tĕdd, mu daldi ko sotti Mbeex mi. Mbexx it jóg fi saa si mel ni ku dara mosul jót. Feebar bi jeex tàkk ci moom

Nit ña doon toogaanu Mbeex yéému lool ñu gĕna déggal né:

- Mbeex du nit doññ yem ci.

Baay ba nag doxe fa nangoo tul mukk di dégluxax kuy wax mbirum sĕy ag doomam.

Mbeex itam mel ni loolu dafa newul sax ci xelam, mu mel ni danga ko xirtal : ngoon su né mu defaru ba jekk, jubal yoonu xeer ya di doxe tànku neen topp tefes gi, bu yegsee ci xeer yi dafay toog moom kenn doññ jublu gééj, jàkkarloog Téngéén. Daana tooge noonu ay waxtu leeg-leeg sax guddi gee ko fay dàqe. Nit ñi daañu daan wax né Buur Téngéén moo di faram

Mbeex daal noonu la jàppoo ba lay ñibbi allaaxira jàppo ko ba yaay ji wuyyuji baayam. Mu màggat be dee ci jànq te mosul sĕy -

---

. Wax la buy tekki né baay dee na ; alaaxira moo di li ñuy fekki bu ñu deewee.